




**Haitian Creole Edition
Grade 8 Mathematics, Book 1
May 6–7, 2003**

**Pwogram Egzamen Eta Nouyòk
Matematik**

Liv 1



Le 6–7 me 2003



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2003 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

Sesyon 1

Pati 1

Egzanp A

Oditoryòm lekòl la te $\frac{7}{8}$ ranpli. Ki pousantaj oditoryòm lan te ranpli?


- A 7,8%
- B 37,5%
- C 62,5%
- D 87,5%

Egzanp B



Itilize règ ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Gen yon jaden ki gen yon fòm triyangilè tankou foto anba la a. Jaden an bezwen klotire.



Dapre foto anlè a, ki kantite kloti nesesè pou klotire tout jaden a?

- F 19,1 mèt
- G 20,7 mèt
- H 23,5 mèt
- J 26,6 mèt

KANPE

1

Andy achte yon bwat katon lèt ki koute \$3,10, yon pake sik ki koute \$1,39, epi yon katon ze ki koute \$2,10. Ki kantite monnen li resevwa si li te bay \$20,00 ?

- A** \$6,59
- B** \$13,41
- C** \$13,51
- D** \$14,41

4

Nan reyinyon fanmi Sinclair lan, Katy te remake ke kantite moun ki te la taka divize an twa gwoup egal. Li te remake tou ke nimewo a taka divize an kat, senk ouben sis gwoup egal. Ki pi piti kantite moun ki teka la nan reyinyon an?

- F** 30 moun
- G** 60 moun
- H** 90 moun
- J** 120 moun

2

Ki repons ki pi bon?

- F** $(2 \times 3) + 5 \div 8 = 2$
- G** $(2 \times 3 + 5) \div 8 = 2$
- H** $2 \times (3 + 5) \div 8 = 2$
- J** $2 \times 3 + (5 \div 8) = 2$

5

Julie gen \$10,00. Li gen lentansyon achte 4 begèl epi achte patisri ak lajan ki rete li apresa.

LIS PRI YO

Patisri \$1,75	Begèl \$1,00
-------------------	-----------------

3

Karen ap rezoud pwoblèm sa a.

$$(3^2 + 4^2)^2 = ?$$

Ki lès nan etap yo bon nan metòd pou rezoud pwoblèm lan?

- A** $(3^2 + 4^4)$
- B** $(9^2 + 16^2)$
- C** $(7^2)^2$
- D** $(9 + 16)^2$

Dapre lis pri anlè a, ki maksimòm kantite patisri li ka achte?

- A** 2
- B** 3
- C** 4
- D** 5

6


Ki lès nan ekspresyon yo ekivalan ak nimewo 8.006.425?

- F** $(8 \times 10^7) + (6 \times 10^6) + (4 \times 10^3) + (2 \times 10^2) + (5 \times 10^1)$
G $(8 \times 10) + (6 \times 10) + (4 \times 10) + (2 \times 10) + (5 \times 10)$
H $(8 \times 10^6) + (6 \times 10^5) + (4 \times 10^4) + (2 \times 10^3) + (5 \times 10^2)$
J $(8 \times 10^6) + (6 \times 10^3) + (4 \times 10^2) + (2 \times 10^1) + (5 \times 10^0)$

7

 Itilize règ ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Ki lès nan mezi yo pi pre longè total radyo wòkitòki ki anba la?



- A** 5 santimèt
B 5 pouz
C 10 santimèt
D 10 pouz

Kontinye

8

Tikka fè kannapèch ak bwa banbou pou li menm ak sè li. Li sèvi ak $\frac{3}{5}$ nan yon bwa banbou ki 10 pye de longè pou kannapèch li epi rès la pou pa sè li. Ki longè kannapèch sè li?

- F** 8 pye
- G** 6 pye
- H** 4 pye
- J** 2 pye


9

Gen 300 elèv nan wityèm klas la. Rapò ant fi ak gason se 3 pou 2. Ki pousantaj ki gason nan elèv yo?

- A** $33\frac{1}{3}\%$
- B** 40%
- C** $66\frac{2}{3}\%$
- D** 150%

10

Ki relasyon ki genyen ant ang A ak ang C nan triyant dwat ki anba la a?



- F** Se de ang konplemantè.
- G** Se de ang siplémentè.
- H** Se de ang ki menm.
- J** Se de ang vètikal.

11

Agatha, Theresa ak Bruce ranmase bwat fèblan pou yon « Kanpay Manje ». Sòm kantite bwat fèblan Agatha ak Theresa ranmase pi piti pase 50. Sòm kantite bwat fèblan Bruce ak Theresa ranmase plis pase 50. Ki lès nan fraz yo ki koresponn ak enfòmasyon ki la a?

- A** Bruce ranmase plis bwat fèblan pase Agatha.
- B** Theresa ranmase plis bwat fèblan pase Agatha.
- C** Bruce ranmase mwens bwat fèblan pase Theresa.
- D** Theresa ranmase menm kantite bwat fèblan ak sa Bruce ranmase.

12

Ki pwochen nimewo ki vin nan lòd sa a?

15	60	240	960	?
----	----	-----	-----	---

- F** 1.240
- G** 1.275
- H** 1.920
- J** 3.840


13

Yon otomobil kouri 187 mil pandan 3 èdtan epi 24 minit. Ki vitès mwayènn otomobil la an mil pou chak èdtan?

- A** 50
- B** 55
- C** 58
- D** 62

14

Joseph bezwen kalkile ki kantite gress gazon li bezwen pou kouvri jaden li an. Gen yon shema jaden li anba la.



Yon liv gress kouvri yon sipèfisi 100 pye kare epi gress lan vann nan sache senk liv. Konbyen sache li va bezwen?

- F** 1
- G** 2
- H** 3
- J** 5

15

Gwen gen twa bokal mab ki gen x mab epi de bokal ki gen y mab. Kilès nan eskpresyon yo reprezante kantite total mab Gwen genyen?

- A** $3x + 2y$
- B** $2x + 3y$
- C** $(2 + 3)(x + y)$
- D** $3(x + y) + 2(x + y)$

16

Kilès nan jakèt yo gen pi ba pri?


- F** 5% dediksyon sou yon jakèt ki gen pri nòmal ki \$26,00
- G** 10% dediksyon sou yon jakèt ki gen pri nòmal ki \$26,00
- H** 15% dediksyon sou yon jakèt ki gen pri nòmal ki \$30,00
- J** 20% dediksyon sou yon jakèt ki gen pri nòmal ki \$30,00

Kontinye

17

Christa fè yon sondaj sou kanmarad de klas li pou wè ki kantite nan yo gen bisiklèt, paten a woulèt in-line ak eskoutè. Li fè dyagram de Venn sa a pou montre rezulta yo.

SONDAJ CHRISTA FÈ



Ki rapò ant kanmarad de klas yo ki gen tou le twa (yon bisiklèt, eskoutè ak paten a woulèt in-line) parapò ak kantite elèv nan sondaj la?

- A** $\frac{5}{24}$
- B** $\frac{5}{37}$
- C** $\frac{5}{42}$
- D** $\frac{5}{47}$

18

Yon asyèt manje gen 7 pou de dyamèt. Apeprè ki kantite pou sikonferans asyèt lan ye?

- F** 14 pou
- G** 22 pou
- H** 44 pou
- J** 154 pou


19

Nan yon gwoup 40 moun, 32 nan yo pi wo pase 5 pye 7 pou, epi lòt yo pi piti pase 5 pye 7 pou. Si yo chwazi yon moun pa aza nan gwoup sa a, ki pwobabilite pou wotè moun sa a pi ba pase 5 pye 7 pou?

- A** 0,80
- B** 0,56
- C** 0,44
- D** 0,20

20

Johan ap konte tout kantite jounou sou chan fanmi li anvan rekòlt la. Yon shema tout chan an divize an plizyè seksyon anba la a.



Li konte 358 jounou nan seksyon A. Annou sipoze ke jounou yo distribye a kantite egal sou tout chan an, ki pi bon estimasyon sou kantite total jounou yo ki sou tout chan an?

- F** 500–1.000
- G** 1.000–1.500
- H** 1.500–2.000
- J** 2.000–2.500

Kontinye

21

Tablo anba la montre relasyon ki genyen ant èdtan Joe travay ak kantite lajan li fè.

SALÈ JOE


Èdtan li travay	Salè li obtenu
2	\$12,50
4	\$25,00
6	\$37,50
8	
10	

Ki kantite lajan Joe fè si li travay pandan 10 èdtan?

- A** \$50,00
- B** \$62,50
- C** \$75,00
- D** \$100,00

22

Ki ekwasyon ka sèvi pou jwenn longè kote x sou triyang dwat ki anba la a?




- F** kosinis $54^\circ = \frac{7}{x}$
- G** sinis $54^\circ = \frac{x}{7}$
- H** kosinis $54^\circ = \frac{4}{x}$
- J** sinis $54^\circ = \frac{x}{4}$


23

Nan klas syans sosyal, Cole ap fè yon desen echèl pou yon drapo. Drapo a mezire 24 pou de wotè pa 36 pou de lajè, li gen twa bann vètikal chak 12 pou de lajè. Kilès nan desen yo pi byen reprezante drapo sa a?


NECHÈL $1/4$ pou = 1 pye

**A**


NECHÈL $1/2$ pou = 1 pye

**C**

NECHÈL $1/2$ pou = 1 pye

**B**


NECHÈL 1 pou = 1 pye

**D**

Kontinye

24

Triyang DEF se yon tradiksyon triyang ABC.



Kilès nan fraz yo dekri tradiksyon triyang ABC pa rapò ak triyang DEF?

- F** 2 inite sou men dwat, 6 inite anba
- G** 2 inite sou men dwat, 6 inite anwo
- H** 6 inite sou men dwat, 2 inite anba
- J** 6 inite sou men dwat, 2 inite anwo

25

Nan premye kous sezon an, Carol naje pandan 5 minit 15 segonn. Objektif li se pou li te naje menm distans lan nan $\frac{2}{3}$ tan li fè anvan fen sezon an. Si li rive realize objektif li, konbyen tan li pral pran li pou li naje kous la nan fen sezon an?

- A** 1 minit ak 45 segonn
- B** 2 minit ak 30 segonn
- C** 3 minit ak 30 segonn
- D** 3 minit ak 40 segonn

26


Longè yon rektang senk pouz pi long pase lajè li. Si sipèfisi rektang lan 14 pouz kare, ki ekwasyon ka sèvi pou jwenn lajè rektang lan?

- F** $2x + 2(x + 5) = 14$
- G** $x + x + 5 = 14$
- H** $x(x + 5) = 14$
- J** $x + 5 = 14$

27

De grafik bwat ak liy ki anba la montre kantite bwat fèblan manm klas sofò yo ak klas jinyò yo ranmase pou yon pwojè òganize pou koleksyon de fon.

KANTITE BWAT FÈBLAN KI RANMASE



Kilès nan fraz enfòmasyon sou toude grafik yo di laverite?

- A** Sofmò yo ak jinyò yo ranmase menm kantite bwat fèblan.
- B** Kantite medyan ki te ranmase te menm pou toude klas yo.
- C** Kantite mwayèn ki te ranmase te menm pou toude klas yo.
- D** Pi wo valè ekstrèm lan te menm pou toude klas yo.

KANPE



**Liv 1
Matematik
Klas 8
Le 6–7 me 2003**

The McGraw-Hill Companies